ISSN: 2181-3906 2024

International scientific journal «MODERN SCIENCE AND RESEARCH»

VOLUME 3 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# SAPAR LIRIKALIQ DÚRKINLERINIŃ KÓRKEMLIK ÓZGESHELIGI

**Dauletova Dilafruz**

**QMU 2-kurs magistranti.**

https://doi.org/10.5281/zenodo.14496840

***Annotaciya.*** *Bul maqalada ómiri dawamında kóp ellerge sayaxat etip, túrli ellerdiń gózzallıǵın kórgen shayır M.Seytniyazovtıń qosıqlarınıń kórkemlik ózgesheligi uyrenildi hám mısallar jardeminda analiz etildi. Bunda shayır sayaxat etken ellerdiń tariyxı, milliy etnografiyasın óz qosıqlarında kórkem suwretlew quralların jaqsı paydalanıp jetkerip bergenligi belgili boldı.*

***Gilt sózler:*** *Dúrkin, metafora, anafora, tenew, lirika, kórkem ádebiyat, metonimiya, estetika, poeziya, kompoziciya.*

## THE DEVELOPMENT OF THE LYRICAL POEMS OF SAPAR

***Abstract.*** *In this article, the poet M. Seytniazov, who traveled to many hands during his lifetime and saw the beauty of different hands, studied the development of the beauty of the poems and analyzed them in the form of raw examples. It became clear that the poet used the tools of photography to convey the history of the peoples he traveled, the national ethnography.*

***Keywords:*** *Dürkin, metaphor, anaphora, tense, lyricism, literature, metonymy, aesthetics, poetry, composition.*

## РАЗВИТИЕ ЛИРИЧЕСКИХ СТИХОВ САПАРА

***Аннотация.*** *В этой статье поэт М. Сейтнязов, побывавший за свою жизнь во многих руках и повидавший красоту разных рук, изучил развитие красоты стихов и проанализировал их в виде сырых примеров. Стало ясно, что поэт использовал средства фотографии для передачи истории народов, которыми он путешествовал, национальной этнографии.*

***Ключевые слова:*** *Дюркин, метафора, анафора, время, лиризм, литература, метонимия, эстетика, поэзия, композиция.*

### Sapar lirikalıq dúrkinleriniń kórkemlik ózgesheligi

**Kirisiw (Introduction)** Kórkem ádebiyat – estetika. Sebebi, kórkem ádebiyat ta kórkem ónerdiń bir túri sıpatında insannıń jan sezimlerine tásir jasaydı. « ...Eger shıǵarma oqıwshını tolqıwǵa sala almasa, onıń estetikalıq dúnyasın bayıta almasa, onda neler aytılmasın, qanday júdá paydalı hám zárúrli pikirler ashıp berilmesin, qanday tema hám problemalar qoyılmasın, haqıyqıy kórkem óner emes”.[1] Usı sıpatlardı támiyinlewde kórkem shıǵarmanıń tásirsheńligi baslı orındı iyeleydi. Al, hár qanday kórkem shıǵarmanıń tásirsheńligi onıń mazmunınıń kórkemlik jaqtan qalay beriliwinde.

Kórkem ádebiyat estetika bolǵanlıǵı ushın da oǵan kórkemlik kerek. Sebebi, ol óner dóretpeleri menen kórkem ádebiyat shıǵarmalarınıń baslı sıpatlı belgisi. Kórkemliksiz hesh qanday óner dóretpesi bolıwı múmkin emes.[2] Kórkem shıǵarmanı estetikalıq jaqtan tanıw tek forma menen mazmunnıń birliginde ámelge asırıladı.

---

[1] Султон Иззат. Адабиёт назарияси. Тошкент 1980. 221 б

[2] Ахметов С. Есенов Ж. Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис 1994. 129 б

Kórkem shıǵarmanıń kórkemlilik ózgesheliklerin ashıp beriwde kórkem súwretlew quralларınıń xızmeti ayrıqsha, ásirese, poeziyalıq shıǵarmalarda kórkemlew quralларınıń qollanılıwı qosıqtıń kórkem tásirsheńligin támiyinleydi.

**Tiykarǵı bólim (Main part)** Lirikalıq shıǵarmada tiykarınan shayır ishki keshirmeler, tuyǵılar arqalı “sóyleydi”, sonlıqtan kópshilik jaǵdayda shayırdi lirikalıq qaharman sıpatında qabıl aladı, yaǵnıy shayır menen lirikalıq qaharmandı bir qosıp túsinedi. Biraq lirikada berilgen sezimlerdi tek shayırdıń óz basınan keshirgenleri dep túsine beriwge bolmaydı. Shayır ózinen basqanıń da ishki ruwxıy halatlarına kire alıw uqıbı menen hám kóp ǵana adamlardıń, máselen, óz zamanlaslarınıń, qorshaǵan ortalıqtaǵı janlı hám jansız nárselerdiń basınan keshirgenlerin jazıwı múmkin. Dúrkinde ushırasatuǵın kórkem súwretlew quralларınıń lirikalıq qaharman obrazın ashıp beriwde salmaqlı úlesi bar. Shayırlar sulıw sóz marjanları arqalı, insannıń kewil-keshirmelerin, kónil-kúyin súwretleydi, olardıń psixologiyalıq halatın, kelbetin kóz aldımızǵa elesletedi. Shayır qosıqlarında márt ádiwli perzent, júregi muhabbatqa tolı ana obrazınıń ashıp beriliwi de shayırdıń basqa shayırlarǵa qusamaytuǵın ózinsheligin kórsetedi. Shayırlar sulıw sóz marjanları arqalı, insannıń kewil-keshirmelerin, kónil-kúyin súwretleydi, olardıń psixologiyalıq halatın, kelbetin kóz aldımızǵa elesletedi. Shayır qosıqlarında márt ádiwli perzent, júregi muhabbatqa tolı ana obrazınıń ashıp beriliwi de shayırdıń basqa shayırlarǵa qusamaytuǵın ózinsheligin kórsetedi.

Kórkem shıǵarmada hár bir sóz súwretlew usılı xızmetin atqarıwı múmkin, sebebi, ol álbette usı shıǵarma mazmunın ashıp beriwge xızmet etedi. Sebebi, jazıwshı kórkem til arqalı obrazlar jaratar eken, olardıń mánisin ashıp kórsetiwshi sóz hám ibaralar tańlaydı. Bul xızmet ádebiyattanıw iliminde kórkemlew qurallarы hám usıllarına júklenedi. Jazıwshı olardı qollanıw arqalı kórkem tildiń álwan sırların ashadı, olarǵa jan endiredi.

Ádebiyattaǵı kórkemlew quralларınıń teoriyalıq tiykarları kóplegen ilimpazlar tárepinen úyrenilgen G.Abramovich, B.Tomashevskiy, V.Polyakov, I.Sultan, T.Boboev, H.Umarov, qaraqalpaq ádebiyatında S.Axmetov, J.Esenov, Q.Járimbetov, Q.Orazımbetov, B.Genjemuratov, A.Досымбетованың hám taǵı basqalardıń ádebiyat teoriyasına baylanıslı miynetlerinde troplardıń teoriyalıq anıqlamaları berilgen.

Kórkem shıǵarmada sóz tuwra hám awıspalı mánide qollanılıwı múmkin. Sózdiń awıspalı mánige ótiwi troplar arqalı ámelge asırıladı. Trop (grek tilinen alınıp – basqa bir nársege aylanıw, almasıw) degen mánini ańlatadı. Jazıwshı yaki shayır óziniń aytajaq mánisin tuwrı máníste emes, al bir nársege uqsatıp yaki awıspalı mánide berse troplar júzege keledi. Kórkem ádebiyatta troptıń teńew, epitet, metafora, metonimiya, sinekdoxa. giperbola, litota, janlandırıw, ironiya, sarkazm hám taǵı basqa da túrleri bar. Bul kórkemlew quralları sózdiń emocional-estetikalıq tásirsheńligin arttırıw ushın qollanıladı.

Metafora zatlardı bir-birine megzetiwge tiykarlanǵan, awıspalı súwretlewdiń bir túri. Metaforada bir predmet ataması menen ekinshi predmet qayta ataladı. Biz sóz etpekshi bolıp otırǵan shayır M.Seytniyazov ómiri dawamında kóp ellerge sayaxat etip, túrli ellerdiń gózzallıǵın kórgen. Sayaxatları tásirinde kóplegen shıǵarmalar dóretedi. Avtordıń 1990-jılǵı “Jeti jurtqa sayaxat” ocherkinde Hindistan, Pakistan, Turkiya sıyaqlı birqansha ellerge qılǵan saparı haqqında tolıq bayanlap beredi. Bul ocherk shayırdıń anıq bul ellerde bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı. Al M.Seytniyazovtıń 1971-jılǵı “Bárhama joldaman” degen toplamında “Hindistan tásirleri” atamasında sapar lirikalıq dúrkini berilgen.

Onda avtordıń Hindistan saparında alǵan tásirleri bayanlanǵan. Avtor neni kórse hám sol xalıq haqqında qanday juwmaqqa kelse yamasa sol jerden qanday da bir ózine jańalıq ashsa sonıń barlıǵın qosıq qatarları menen beriwge umtılǵan. Lirikalıq dúrkinniń kirisiwin baslap bergen "Hindistan" qosıǵı bul eldi tanıstırıwshı bólim desek te boladı. M.Seytniyazov kórkemlik detallar menen oqıwshıǵa qanday da bir mániste Hindistanǵa sayaxat etiw imkaniyatın jaratıp beredi. Bul qosıqtıń mazmunı táriypke jaqın bolǵanı ushın onda kórkem súwretlew quralları barshılıq:

Bul álemge hámmelerden burın kelgen kim dese,
Bul álemge ilim kánin burın bergen kim dese,
Bul álemniń qısıwmetin burın kórgen kim dese,
Bul sorawǵa eń birinshi juwap berer Hindistan.

Hindistan eliniń jasaw sharayatı hám tariyxıy ótmishi, etnografiyası, milliyligi haqqında az-kem aytıp ótilgen. Hindistan tanıstırılǵan. Sonday-aq avtor lirikalıq dúrkinde Hindistan xalqınıń adamlarınıń jasaw sharayatı hám ideologiyası menen qızıǵadı. Ol usınday tásirlerin mına: "Qız nalası", "Hind jigitiniń qayǵı hám quwanıshları", "Riksha" (ózin arbaǵa jegip, adam tasıwshılar), "Dárwish" qosıqlarında ayqın kórsetedi. Bul qosıqlarda túrli kórkem súwretlew qurallarınan paydalanılǵan. Máselen, "Hind jigitiniń qayǵı hám quwanıshları" degen qosıǵında:

Oy-shuqırda qalǵanların,
Terip dámin tatıp qaldım.
Qırman maǵan jetkermedi,
Meniń **kúnim batıp qaldı.**
Dúnya **qızıl qırman** eken,
Jetkermestey árman eken.

**"Kúni batıp qalıw"** frazası kórkemlik xızmette qollanılıp, hind jigitiniń qayǵılı kúnleriniń biri bolǵanlıǵın ańlatıp turıptı. Al, dúnyanıń **"qızıl qırman"**ǵa megzetiliwi, bul jerde metaforalıq súwretlew qollanılǵanlıǵın bildiredi. Sapa temasındaǵı lirikalıq dúrkinler túrli tematikalıq baǵdarlardaǵı shıǵarmalardı, qosıqlardı ózinde jámlewi múmkin. Yaǵnıy bir dúrkinde hám didaktikalıq, hám táriyp yamasa ashıqlıq mazmunındaǵı qosıqlar beriliwi múmkin. Bul jaǵınan sapar lirikalıq dúrkinleri birqansha erkin esaplanadı.

Shayır "Hindistan" qosıǵında:

Qaysı xalıq yad biledi **"Qalila hám Dimna"** nı?
Qaysı xalıq jaǵalaydı Ganga menen Jamnanı?,
Qaysı xalıq dóretipti sherge tolı namanı?
Dep sorasań sorawıńa juwap berer Hindistan.

Bunda **"Qalila hám Dimna"** nı degen metonimiya qollanılǵan bolıp, hind xalqınıń belgili xalıq awızeki dóretpesi – Qalila hám Dimna dástanı haqqında sóz etilmekte. Bul shıǵarmaǵa shayırdıń kóp qızıǵıwshılıǵı bolǵanlıǵı tábiyiy. Usı dúrkinde "Qaila hám Dimna"dan" degen qosıǵı da berilgen bolıp, Qalila menen Dimnanıń kúshli hám ázziler haqqındaǵı óz ara sáwbeti beriledi. "Qalila hám Dimna" daǵı usı sáwbettiń alınǵanlıǵında da shayırdıń poetikalıq maqseti jatır. Yaǵnıy, Hindistan da "Tek kúshliler ǵana jasap qaladı hám jeńedi, ázziler bárqulla jeńiledi" degen túsinik bar.

Bul olardıń jasaw shárayatınan da kelip shıqqan bolıwı tábiyiy. Hindlerdiń usı ideologiyasın túsindiriw ushın da avtor belgili shıǵarmanıń áyne usı bólimin qosıqqa aylandıradı.

Qaraqalpaq poeziyasında lirikalıq dúrkinler poetikalıq jaqtan jetilisken ayrıqsha kórkem formaǵa aylandı. Lirikalıq dúrkinlerdiń teoriyalıq tiykarları, olardıń kórkem dárekleri, kompoziciyası hám janrlıq ózgesheligi boyınsha juwmaqlarǵa kelindi. Dúrkinge jámlesken qosıqlar óz-ara kompoziciyalıq baylanısqa iye boladı. Bul kompoziciyalıq baylanıs qosıqtı pútin shıǵarma sıpatında tanıtıwǵa múmkinshilik jaratadı.

Dúrkin quramındaǵı qosıqlar óz aldına turıp ta ǵárezsiz lirikalıq shıǵarmalar bolıwı múmkin. Olardıń ayrımlarındaǵı bul qubılıs júdá ayqın seziledi, al bazılarında hálsiz kórinedi.

Yaǵnıy izbe-izlilik, pikirdiń dawamlılıǵı, biri ekinshisine baǵdar beriw tendenciyası seziledi. Usı belgilerine qarap, lirikalıq dúrkinler shártli túrde “erkin dúrkin” hám “qatań dúrkin”lerge ajıratıladı.Ayırım lirikalıq dúrkinler kólemi jaǵınan poemaǵa teń bolǵanı menen olar lirikalıq shıǵarmalar esaplanadı.Lirikalıq dúrkinler shayırdıń sırtqı dún'yaǵa kózqarasın, hádiyse, waqıya qubılıslarǵa bolǵan qatnasların tolıq ulıwmalastırǵan halında jetkeriw, lirikalıq qaharmannıń obrazın pútinliginshe jaratıw ushın dóretiledi.

**Juwmaqlaw (Conclusion)** Lirikalıq dúrkinlerdiń janrlıq, kórkemlik ózgeshelikleri lirikanıń basqa janrlarınan parqlanıp, onıń ayrıqsha sıpatların kóriwimizge boladı.

M.Seytniyazovtıń sapar lirikalıq dúrkinleri lirikalıq qaharmannıń basqa elge barǵannan keyingi ishki sezimlerin bildiriwinde, sol eldiń tariyxı, milliy etnografiyası menen tanıs bolıwında kórkem suwretlew quralların jaqsı paydalanǵan.

## REFERENCES

1. М.Оразымбетова. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық дуркинлердиң поэтикасы. Монография. Тошкент. 2022.
2. A.Dosımbetova. Ádebiyatta kókemlew quralları (oqıw-metodikalıq qollanba)- Nókis. «Qaraqalpaqstan», 2017.
3. Сейтниязов М. Бәрҳама жолдаман. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971.
4. Султон Иззат. Адабиёт назарияси. Тошкент 1980. 221 б
5. Ахметов С. Есенов Ж. Жаримбетов Қ.  Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги.  Нөкис 1994.  129 б